



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN POU GIDE OBTANSYON APEPRÈ 800
MEGAWAT BRIZTÈ POU EDE ENDISTRI AN DEMARE**

***Premye Faz nan Obtansyon Briztè an ap Kore Objektif Global Eta a, ki se 2,400
Megawat Briztè disi 2030***

***Li pral Kore 5,000 Nouvo Djòb Faktori, Enstalasyon ak Operasyon nan yon
Endistri k ap Boujonnen***

***L ap Kore Estanda Enèji Pwòp Eta a, ki pi Wo nan Nasyon an, ki Vize pou 50
pousan Elektrisite Sòti nan Sous Enèji Renouvlab disi 2030 pou Konbat
Chanjman Klima***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York mete tout bagay an plas pou Eta a jwenn briztè pou premye fwa, pou ankadre objektif New York ki se yon nouvel pwodiksyon 2,400 megawat briztè disi 2030, sa ki ase pou pote kouran bay 1.2 milyon fwaye nan New York. Premye faz nan akizisyon Eta a ap fè gen ladan jwenn apeprè 800 megawat briztè disi ane 2019. Avèk piblikasyon [lòd](#) fondamantal sa a, New York antre nan yon lòt etap pi enpòtan, pou rive nan devlopman briztè sou Kòt Atlantik li an (Atlantic Coast), sa ki pral kore objektif eta a, ki mande pou 50 pousan elektrisite li soti nan sous renouvlab disi 2030.

“Aksyon sa a montre nou pase a yon lòt etap enpòtan, kote alavni n ap sèvi avèk enèji pwòp ki san danje, ki fyab, e ki pa koute twò chè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Bon jan devlopman briztè enpòtan pou atenn objektif enèji pwòp ak rediksyon kabòn nou yo; epitou investisman sa a gen potansyèl pou kreye dè milye djòb epi kore yon endistri 6 milya dola pou New York pandan l ap konbat chanjman klimatik.”

Pou atenn objektif 2,400 MW Gouvènè an, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development, NYSERDA) pral akeri apeprè 800 MW briztè atravè yon demann li te pibliye pandan katriyèm semès ane 2018 lan, an konsiltasyon epi ak kowòdinasyon avèk Otorite Elektrisite New York (New York Power Authority, NYPA) ak Konpayi Elektrisite Long Island (Long Island Power Authority). Yo ta sanse anonse prim yo pandan dezyèm semès ane 2019 la. Si sa nesèsè, yo pral voye yon dezyèm envitasyon an 2019.

Pri briztè yo bese anpil an Ewòp ak lòt kote atravè mond lan. Osen endistri sa a k ap devlope, New York plase yon fason ki pou pèmèt li pran avantaj pri sa yo k ap desann, opòtinite ekonomik, ak resous enèji renouvlab pou kore objektif klima eta a. NYSERDA estime ke disi 2030, New York ka atire yon endistri 6 milya dola ki pral kore prèske 5,000 nouvo djòb nan domèn fabrikasyon, enstalasyon ak operasyon izin briztè. Prèske 2,000 nan djòb sa yo se ta va nan domèn operasyon ak antretyen, sa ki t ap bay opòtinite karyè alontèm.

Aksyon jodi a otorize NYSERDA pou li mande resipyandè yo presize yo pran angajman pou estime kantite akò travay y ap siyen epi ki salè y ap bay pi souvan, kòm kondisyon kontra yo pou nenpòt ki pwojè yo akòde. Dispozisyon sa yo pral asire ke se djòb ki byen peye ki asosye avèk devlopman briztè pou Eta New York. An plis de sa, lòd la gen ladan pwovizyon pou asire ke nenpòt ki pwojè briztè pran an konsiderasyon enterè moun k al nan lanmè, tankou paregzanp pou lapèch komèsyal ak lwazi, moun ki gen enterè nan anviwònman an, ak kominote kotyè yo.

Atravè demann sa yo, NYSERDA ap jwenn Sètifika Enèji Renouvlab pou Briztè (Offshore Wind Renewable Energy Certificates, OREC), nan men etablisman ki jwenn prim yo. Chak sèvis elektrik, ansanm avèk lòt founisè elektrisite k ap sèvi kliyan endividyèl nan New York, pral sipòte nouvo resous briztè sa yo atravè acha OREC ki soti nan NYSERDA.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) Eta New York la, te deklare, “Gras a Gouvènè Cuomo e nan kad lòd Komisyon Sèvis Piblik pibliye jodi a, New York ap bati yon endistri briztè ki efikas e ki alatèt nasyon an, avèk bon kalite djòb pou New York ak kot Atlantik la. Briztè se yon bon jan sous enèji pwòp. Non sèlman li pral pote elektrisite bay dè milyon fwaye ak biznis New York, li pral ede konbat chanjman klimatik e pèmèt nou pa konte twòp sou konbistib fosil sal yo”.

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la John B. Rhodes te deklare, “Briztè sanble se pral yon sous enèji enpòtan, ki pwòp, e ki pa twò chè pou moun New York. Avèk aksyon jodi a, nou fè yon gwo pa pou jwenn 800 MW resous sa a, e nou sou wout pou atenn objektif Gouvènè Cuomo ki se jwenn 2,400 megawat enèji briztè disi 2030”.

Pi bonè ane sa a, Gouvènè Cuomo te anonse Liy Direktris Plan Briztè Eta New York la (The New York State Offshore Wind Master Plan) e se li ki pral gide eta a nan devlopman responsab e ki pa twò chè 2,400 MW briztè disi 2030. Gouvènè an te òdone NYSERDA tou pou yo investi 15 milyon dola nan devlopman mendèv enèji pwòp ak avansman enfrastrikti pou fòme travayè yo pou sipòte kwasans endistri ewolyèn tou pre rivaj lan. Nan mwa jen, NYSERDA te jwenn yon sibvansyon 18.5 milyon dola nan men Depatman Enèji Etazini (U.S. Department of Energy) pou li pran tèt Konsòsyòm Nasyonal sou Rechèch ak Devlopman Briztè (National Consortium Wind Research and Development Consortium). Konsòsyòm nasyonal sou rechèch ak devlopman briztè sa a pral jwenn sipò atravè yon patenarya piblik-prive ki gen ladan endistri ewolyèn tou pre rivaj lan, sèvis piblik yo, laboratwa rechèch yo, ak lòt eta yo.

NYSERDA pral òganize yon [konferans teknik](#) pou diskite sou sijè ki gen rapò ak pwosesis pou fè apèl la nan biwo Depatman Sèvis Piblik Vil New York (90 Church Street, New York) epi atravè vebinèr nan lendi 23 Jiyè.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Anons jodi a souliye angajman Gouvènè Cuomo pou garanti koutkekout devlopman responsab e pa twò chè briztè, e nan yon fiti ki prè. New York gen tout atou – travay, pò, ak règleman – ki nesesè pou vin yon sant mondyal pou endistri emèjant sa a e pou byen planifye pou pran avantaj pwèn fò sa yo, pou New York benefisye avantaj anviwònman ak ekonomik ke van an pral pote”.

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Elektrisite New York la te di, “Depi lontan, Eta New York se yon lidè nan zafè enèji pwòp; li gen yon pase byen long nan zafè kreyasyon enèji idwo-elektrik pwòp, e nou kwè ke briztè se pwochen fwontyè ki va mennen plis djòb nan domèn enèji pwòp, ansanm avèk nouvo enfrastrikti ak devlopman ekonomik nan pò lanmè nou yo ak sou kòt nou yo. Nan NYPA, nou gen ekspètiz pou devlope gwo pwojè enèji pwòp, e nou kontan dèske nou gen opòtinite pou ede Gouvènè Cuomo reyalize vizyon anbisye sa a nan domèn briztè, yon pwojè ki pral plase Eta New York alatèt enèji renouvlab ak konba kont chanjman klimatik”.

Kevin S. Law, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Association lan te di, “Dekrè PSC jodi a pwouve angajman san fen Gouvènè Cuomo ak eta a pou mennen nasyon an sou wout devlopman yon ekonomi enèji pwòp ak lòt pwojè briztè sou kòt Long Island e se avèk antouzyasm nou sipòte efò sa yo ki bon pou anviwònman ak ekonomi nou an”.

Joe Martens, Direktè Alyans Brizè Eta New York (New York Offshore Wind Alliance), di konsa, “New York pase a yon lòt etap enpòtan nan rechèch pou 50 pousan jenerasyon enèji renouvlab dis 2030. Lòd PSC sou acha briztè a ap pèmèt atenn objektif Gouvènè Cuomo pou yon demann briztè an 2018, e li pèmèt New York vin pi pre ofri plis travay, plis avantaj anviwònman ak plis envestisman nan pò ak enfrastrikti, ki ta va rezilta lè New York tounen yon lidè nasyonal nan zafè briztè”.

Kit Kennedy, Direktris Anchèf Pwogram Klima ak Enèji Pwòp (Climate & Clean Energy Program) nan Konsèy Defans Resous Natirèl (Natural Resources Defense Council), te di konsa, “Sa se yon gwo pa pou pran avantaj gwo potansyèl enèji briztè ki dirab nan New York. N ap kontan ede New York tounen yon lidè nasyonal nan zafè devlopman sous enèji pwòp sa a, ki plen pwomès, yon fason ki entelijan depi nan kòmansman an—pwoteje oseyan e kreye travay de kalite”.

Lisa Dix, ki se Reprezantan Prensipal New York nan Sierra Club la, te di, “Sierra Club bat bravo pou Komisyon Sèvis Piblik la poutèt li antre nan pwochen etap enpòtan pou devlope briztè. Non sèlman devlopman rapid briztè nesesè pou reyalize gwo objektif klima Gouvènè a, men li enpòtan tou pou fè New York tounen yon santral elektrik pou enèji renouvlab, yon sant rejon pou endistri an, pou bati nouvo pò, epi pou kreye de milye djòb ki gen bon salè pou fanmi nan New York”.

Adrienne Esposito, Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman (Citizens Campaign for the Environment, CCE), te deklare, “CCE kontan anpil dèske New York pral pouse pwodiksyon 800MW briztè. Lè nou kontinye epi ranfòse envestisman nan briztè, sa pave yon wout dwat pou lavni ekonomik ak enèji New York.

Mèsi bay biwo Gouvènè an poutèt li fè Eta New York tounen yon lidè ak yon egzanp lespri ekselans, lè li demontre ke enèji renouvlab se chimen pou yon avni pwospè ak dirab pou eta nou an. Si nou vle New York vin yon konkiran nan yon ekonomi enèji mondyal ki chanje tout tan, li lè li tan pou kite ansyen teknoloji ak konbistib fosil yo pa dèyè”.

An 2016, Komisyon Sèvis Piblik la te adopte yon Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard). Estanda Enèji Pwòp la te fèt pou reyalize objektif Gouvènè an atravè leta pou 50 pousan elektrisite Eta New York boule soti nan sous renouvlab disi 2030. Yo atann aske pwodiksyon briztè a reprezante apeprè yon tyè nan elektrisite a enkreman yo bezwen pou atenn objektif sa a. Poutèt pwoksimite ak aksè dirèk nan zòn Eta a ki gen gwo dansite popilasyon, briztè pral ofri fyabilite, rezistans rezo ak avantaj divèsite sistèm elektrik la. Lè nou sispann sèvi avèk enèji fosil ki nan zòn sid la, sa pral pote benefis sante piblik enpòtan epi redui bezwen pou bati liy transmisyon nan rejyon Nò eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)